МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# Изложени язъяйтаран урок.

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

**Урокан ц1е:** «Изложени : «Ши йо1».

**1алашо:** берашна кийчачу планаца текстан чулацам талха а ца беш схьабала 1амор.Берашна тектан дакъош юкъара уьйр ца талхош ,чулацам йозанца билгалбаккха 1амор.

**Кхочущдан лерина жам1аш:**

**1.Предметни:** берашна хуур ду шаьш ешна текст , маь1на а ца талхош , шайн дешнащца ниса , кхачо йолуш схьаязъян.

**2. Метапредметни:**

- **Регулятивни**: берашна 1емар ду кийчачу планаца болх бан: х1ора декъера чулацам шайн дешнашца схьабала.
- **Коммуникативни:** Берашна 1емар ду хьехархочо деллачу хаттаршна шайн дешнащца жоьпаш дала,хуур ду уьш нийса д1аяздан.
- **Познавательни:** берашна 1емар ду текстаца болх бан , чулацам схьабийца. Коьртаниг х1ора декъехь билгалдаккха, иза планаца дуста. Берашна 1емар ду дийцаран чулацам нийса йозанца схьабала

**3. Личностни**: берийн кхуьур бу адаме къинхетам. Берийн алсамдер ду ц1епрошта некъах ларбалар.

# Урок д1аяхьар.

**1.Маршалла хаттар.**

-Бераш , де дика хуьлда шун!

-Диканца дукха ехийла !

**2. 1алашо йовзийтар.**

-Бераш , вай тахана язйийр ю изложени. Шу хила деза дика тидам беш.

**3. «Ши йо1» ц1е йолу текст йовзийтар.**

- ***Хьехархочо д1айоьшу текст.***
- ***Берашка д1айоьшуьйту текст.***
- ***Чулацамах кхетор.***

-Дийца , стенга яханера ши йо1? (Ши йо1 хуьнах кхораш баха яханера).

-Х1ун хилира ц1а йог1уш? (Ц1а йог1уш ц1еххьана ц1ерпошт гучуелира).

-Муха дара шина йоь1ан хьал? (Ши йо1 кхераелира).

-Х1ун дира цьршимма? (Йоккханиг едда некъал дехьа иккхира.Жиманиг ц1ерпошта некха юккъе охьаюьйжира).

-Х1ун дира ц1ерпошто? (Ц1ерпошт чакъелира).

-Х1ун моьттура йоккхах йочу йишина? (Йоккхачунна шен йиша елла моьттура. Иза йоьлхура).

-Х1ун хазахетар хилира массарна? (Йо1 хьалаг1еттира.Цунна х1умма а ца . Массарна хазахийтира).

-Схьадийца и дийцар.

- **Планаца болх бар.**

**1.*Ши йо1 кхораш баха яхар.***

***2.Ц1ерпошт гучуялар. Бохам хилар.***

***3.Йоккъахйолчун холчу х1оттар.***

***4.Массарна а хазахетар.***

-Д1аеша план.Маса дакъа хила деза вайн изложенин? (Диъ).
-Муха доло деза х1ора дакъа? (Ц1ечу мог1анчуьра).
-Д1адеша хьалхара дакъа. Х1ун яздийр ду вай цунах лаьцна?Маса предлложени хир ю хьалхарчу декъехь? (Цхьаъ).
-Муьлханиг ю иза? (Ши йо1 хьуьнах кхораш баха яханера).
-Д1адеша шолг1а дакъа. Х1ун эр ду вай ц1ерпошт гучуяларх? Маса предложении хир ю оцу декъан?(Йиъ)
-Муьлханаш ю уьш?(Ц1еххьана ц1ерпошт гучуелира. Ши йо1 кхераелира. Йоккхахъерг юхаедира . Жимахъерг рельсашна юккъе охьаюьйжира. Ц1ерпошт чакхъелира).
-Д1адеша кхоалг1а дакъа. Х1ун эр дара аша йоккхах йолчу йишех лаьцна? (Йоккхах йолчунна жиманиг елла моьттура. Иза йоьлхура).
-Д1адеша т1аьххьара дакъа. Х1ун эр дара аша цунах лаьцна? (Ц1ерпош чакхъяьлча йо1 хьалаг1еттира . Цунна х1умма а ца хиллера. Массарна а хазахийтира).

**План**

***1.Ши йо1 кхораш баха яхар.***

***2.Ц1ерпошт гучуялар. Бохам хилар.***

***3.Йоккъахйолчун холчу х1оттар.***

***4.Массарна а хазахетар.***

**Г1оьнна дешнаш.**

Баха яхнера.

Ц1ерпошт гучуелира. Ши йо1 кхераелира. Йоккхахъерг юхаедира. Жимахъерг охьайуьйжира. Ц1ерпошт чекхъелира.

Йокхайолчунна жимахъерг елла моьттура,йоьлхура.

Йо1 хьалаг1еттира ,х1умма ца хиллера, массарна а хазахийтира.

- **Юха а текст ешар.**
- **Планах , г1оьнан дешнех пайда а оьцуш схьайойцар.**
- **Г1оьнна дешнаш д1а а ловчкъийна схьайийцар.**
- **Орфографически кечам бар**

А)Хьехархочо уьн т1е д1аяздо хала дешнаш.
Йоккъахъерг , жимахъерг, иккхира ,ц1еххьана.
Б) Хьехархочо дагайохкуьйту берашна къасторан хьаьрк язъяран бакъонаш.
В) Хьехархочо карлайохуьйту мукъаза шшалха элпаш цхьана нисдаларх лаьцна бакъонаш.

**5. Изложени язъяр.**
(Хьехархочо цхьацца долчу берашна г1о дан мега,хаттаршна жоьпаш ло,доьзна долу дешнаш нийсаяздарх лаьцна ,предложении нийса х1отторах лаьцна.

**6. Язйина текст таллар.**

**7. Ц1ахь бан болх балар.**

Бакъонаш карлаяха. Х1оттае цхьаъ дийцаран , цхьаъ хаттаран , цхьаъ айдаран предложенеш.

«Утверждаю»

МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# Сценарий открытого урока по родной литературе на тему : «Вина мохк»

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

Стихотворени «Вина мохк»

1алашо:Айдамиров Абузаран дахарх, кхоллараллех кхетам балар;
«Вина мохк» -стихотворени 1амор;
дозуш долу къамел кхиор;
яздархочун кхолларалле, Даймахке,ненан матте безам кхиор.

Т1еxьажаман г1ирсаш: яздархочун сурт;
говзарш: «Ненан дог», «Ирхеш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Еха буьйсанаш»;
журналаш: «Стела1ад», №9,10-2008 шо, «Орга» №8 -2008 шо;
Даймехкан 1аламан суьрташ, бераша дехкина суьрташ.

Уьн т1ехь йоза: «Вай Даймехкан чевнаш ерзо еза, бертахь даха деза»

А. Айдамиров.
Урок д1аяхьар.

I. Урокан тема а, 1алашо а йовзийтар.

II Ц1ахь бина болх таллар.

Бераш, вай барт бинера, аш «Стела1ад» -журнала т1ера Муса Ахмадовн «Муьлха меттиг ю хаза» ц1е йолчу пьеси т1ехь сценка х1оттор ю аьлла. Кечам биний аша?
Дешархоша сценка гойту: («Стела1ад» №9-2008 шо, 14-16 аг1онаш)

Пхьид-Мусостов Абуезид

Дахка-Мусхаджиева Линда

Ж1аьла-Орцухаев Расул

Нажа Шерипов Элбек

-Х1ун къуьйсуш хилла пьесин турпалхой?
-Х1ун хеташ хилла х1оранна а?
-Муха къастийна воккхачу стага Нажас церан дов?
(шу кхуьй а бакълуьйш дуХ1оранна а ша вина а, веха а меттиг хаза а хета, дика а хета! Суна массарал а хаза меттиг Нохчийчоь ю)
Х1ун маь1на ду х1окху дийцаран?
(Винчу махкал хаза а , хьоме а х1умма а дац)

III Бераш, вайн къоман сийлахьчу яздархочунна Айдамиров Абузарана а хилла Даймохк 1аламат ч1ог1а дукхабезаш. Вай тахана 1амор ю цуьнан «Вина мохк» ц1е йолу байт.
-Шуна х1ун хаьа Айдамиров Абузарах лаьцна?
-Маца, мичахь вина иза?
-Д1а маца кхелхина иза?

Х1аъ, 2005-чу шеран май баттахь д1авахана вайна юкъара и бакъволу къонаха, поэт, яздархо, историк, публицист Айдамиров Абузар.Дала гечдойла цунна! Амма иза ваха висна хьаналчу нохчийн дегнашкахь. Цунна доза доцуш дукхабезара вайн исбаьхьа Даймохк, нохчийн къам. Иза жима волуш ваьллера винчу махках

-Х1унда къаьстина хилла иза Даймахках?
-Маца хилла иза?
-Маса шо хилла к1ентан цу хенахь?
-Муха дара цуьнан дахар Сибрех?
-Стенга сатуьйсура к1анта хийрачу махкахь?

-Язъян маца волавелла иза?
-Муьлха говзарш язйина цо?(Дешархоша ц1ераш йоху говзарийн)
-Х1ун гойту цо шен говзаршкахь?
(Къоман дахар: хилларш, лайнарш; нохчийн дика а, вон а амалш; Даймехкан хазалла, цуьнга болу безам.)

IV - Аш даккхий хилча йоьшур ю и говзарш, ткъа х1инца вай 1амор ю
«Вина мохк» ц1е йолу стихотворении.

Дешнашца болх: сийначу духарца кхелина 1алам.

Кхелина-кечделла, хазделла.

-Д1аязде и дешнаш шайн луг1аташ т1е.

Хьехархочо васталлица байт д1аешар.

Дешархошка еша а йоьшуьйтуш, чулацам т1ехь болх бар:

-Стенах лаьцна дуьйцу хьалхарчу байтехь?

-Муьлхачу дешнаша гойту поэта винчу махке сатийсина хилар?

(Карий хьо ас дагахь
Латтийнчу суьртахь,
Сих-сиха г1енаха
Суна м а-гарра.)

-Кхузахь вайна х1ун гучудолу?

(Поэтана Даймохк бицбелла цахилар,цунна иза сих-сиха

г1енах дуьхьалтийсина хилар)

-Шолг1ачу байтехь х1ун боху винчу махках лаьцна?

(Ахь со т1еийцира, нанас бер санна, хьаьстина)

-Кхоалг1чу байтехь- ша муха хьоьжу боху винчу махке?

-Х1унда ца 1еба иза мел хьежарх?

-Йоьалг1ачу байтехь гайтинарг х1ун ду?

(Даймехкан исбаьхьа 1алам)

-Муха хета 1алам?

(Дийна долуш санна)

-Стенца ду боху лирически турпалхочо шен ирс?

-Муха бу стихотворенин мотт?

-Стенца бусту лирически турпалхочо Даймохк?

(Ненаца)

Дешархошка васталлица ешийтар.

V Пейзажах кхетам карлабаккхар:

-Ешал йоьалг1а байт. Х1ун ду кхузахь гойтург?

-Стенца гайтина сурт?

(Исбаьхьачу дешнашца)

-Стенах олу пейзаж?
(Литературни говзарехь исбаьхьчу дешнашца х1оттийначу 1аламан суьртах пейзаж олу)

VI Т1еч1аг1дар.

Абузар Айдамировн «Вина мохк» дешнаш т1ехь даькххина, Дагаев Валида д1аолучу иллига ладог1ар.

2 –Даймахках лаьцна кицанаш муьлхачу тобанна дукха хаьа?

Даймохк мазал мерза бу.

Нехан махкахь эла хуьлучул шен махкахь лай хилар тоьлу.

Даймохк-нана, нехан мохк-десте.

Даймохк-ялсамане, нехан мохк-жоьжаг1ате.

Мохк боцу аьрзу къийго а тергал ца йо.

Нехан махкахь вехачул шен махкахь валар тоьлу

Даймохк мостаг1чух ларбе, къайле хьесталучух ларъе.

Даймахках ваьлларг-т1емаш доцу хьоза.

Х1етал-металш. (Хьехархочо)

-Х1етал-метал хаийла шуна:

-Нана санна, цхьаъ бен боцург?

-Гена мел вели дукхабезарг?

-И сингаттамехь хилча, вайн ч1ог1а дог 1ийжарг?

-Киццанашкахь мазал мерза лоруш берг?

-Поэташа, яздархоша исбаьхьаллин дашца хестош берг?

-Х1аваъ аьхна а, дарбане а дерг?

-Латта токхе а ,беркате а дерг?

-Шовданаш шийла а , сирла а дерг?

-Лаьмнаш лекха а , кура а дерг?

-Нехан махкахь хилча, шена ч1ог1а сагатдийриг?

-Вайна, нана санна, хьоме берг?

-Цундела вай ларбан безарг?

-Бераш, х1ун ду Даймохк безар, ларбар бохург?
-Муха кхета шу цунах?

(Мотт дика 1амор; иза хаза, оьзда бийцар; оьзда г1иллакхаш лардар лелор; 1алам лардар, дитташ, зезагаш кхиор; ц1ена лелар )

« Вина мохк»- стихотворени 1амийначул т1аьхьа, д1адаханчу шерашкахь, дешархоша дехкинчу суьрташка хьовсар.

VII Урокан жам1 дар.
-Пайдениг х1ун 1емина вайна х1окху урокехь?
(Даймохк хьоме хилар, иза ларбан безар)

Дешархоша урокехь дакъалацаран мах хадор.

VIII Ц1ахь бан болх.

74, 76-78 аг1онаш. Байт дагахь 1амо.
Суьрташ-пейзажаш яхка.

-Элбек ву шена Даймахках лаьцна кхин цхьа илли хаьа бохуш.Ладог1а лаьий шуна?
Дика ду.Элбека д1аолу вайна Дикаев Мохьмадан дешнаш т1ехь даьккхина илли «Сан Даймохк».